



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ANKOURAJMAN POU VAKSEN NAN BAY YON LESE PASE DE JOU GRATIS POU NENPÒT PAK NAN ETA NEW YORK POU SILA YO KI VAKSINEN ANT 24 ME AK 31 ME**

***Tout moun ki vaksinen nenpòt kote nan Eta New York pral resevwa yon lese pase pou pak Eta New York***

***15 nouvo sit vaksinasyon nan Pak Eta New York yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke tout moun ki pran vaksen an avèk swa yon premye dòz oswa yon sèl dòz Johnson & Johnson, nenpòt kote nan Eta New York ant 24 ak 31 me kalifye pou resevwa yon lese pase de jou gratis pou nenpòt Pak nan Eta New York yo, ki valab jiska 30 septanm 2021. Nou kapab pran lese pase yo nan nenpòt Pak nan Eta New York. Anons jodi a te fèt nan Pak Eta Jones Beach, kote sit vaksinasyon an mas ki deja operasyonèl la pral ofri menm ankourajman an pou sila yo ki resevwa vaksinasyon kalifye yo. Anplis de sa, 15 Pak Eta New York pral abrite sit vaksinasyon tanporè pou COVID-19. 15 sit sa yo pral ofri vaksinasyon sou baz se moun ki vini anvan y ap sèvi nan itilize vaksen Johnson & Johnson yon sèl dòz la.

"Chak Pak Eta a nan New York osi inik ak bèl tankou rejyon l ap sèvi a, epi pote vaksen COVID la nan pak nou yo pral elaji aksè plis epi rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vaksinen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Bay sila yo ki pran vaksen yon lese pase pou pak gratis se yon ankourajman enkwayab pou sezon ete a, epi se yon bèl fason pou pèmèt plis moun soti anplennè pou jwi tout sa New York gen pou ofri."

Sit vaksinasyon yo pral ofri nan nouvo sit tanporè sa yo:

- Pak Eta Belmont Lake: 30 me
- Pak Eta Buffalo Harbor: 29 me - 31 me
- Pak Eta Riverbank Denny Farrell: 29 me - 31 me
- Pak Eta FDR: 29 me - 31 me
- Pak Eta Grafton Lakes: 29 me - 31 me
- Pak Eta Green Lakes: 29 me - 31 me
- Pak Eta Harriman nan Lake Welch: 29 me - 31 me
- Pak Eta Heckscher: 5 jen
- Pak Eta Hemsptead Lake: 6 jen
- Pak Eta Letchworth: 29 me - 30 me
- Pak Eta Robert Moses: 29 me - 30 me
- Roberto Clemente State Park: 29 me - 31 me

- Pak Eta Sunken Meadow: 29 me, 31 me
- Pak Eta Taughannock Falls: 29 me - 31 me
- Pak Eta Westcott Beach: 29 me - 30 me

Yon vizitè kapab montre konfimasyon vaksinasyon kalifye li nan nenpòt nan 181 Pak Eta yo nan New York pou resevwa lese pase yo. Lese pase yo kapab itilize pou privilèj pakin, plaj ak pisin atravè rezo Pak yo nan Eta a, ki gen ladan 67 plaj ak 35 pisin ak jè douchan.

Aprann plis sou sistèm Pak Eta New York la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)